



## POU YON KESYON EVITE DANJE

Nan kad angajman nou pran pou ede moun evite danje, **Brightline** mete tèt ansanm ak **Florida Operation Lifesaver** pou yo sansibilize moun sou kesyon evite danje bò kot ray tren yo. Gras ak kolaborasyon pwogram Partners in Safety, Brightline vle mete pyeton, chofè, siklis nan pozisyon pou yo pran bon desizyon nan kote wout machin ak ray tren rankontre.

*brightline*

[gobrightline.com/safety](http://gobrightline.com/safety)

## GEN DIVÈS KALITE TREN KI PRAL KOURI SOU MENM RAY YO



Avan lontan yo pral lanse yon nouvo sèvis tren pou pasaje an Florid. **Brightline** ap yon tren espès ki ap fè vwayaj konvenab epi k ap gen yon orè regilye. Tren yo pral kouri sou ray Kòt Ès Florid la.

EVITE  
DANJE



PA MACHE SOU  
RAY TREN AN.





## GADE

- Rete dèyè liy jòn ki sou platfòm nan estasyon tren yo
- Travèse sèlman kote ou wè yo fè pou w travèse
- Toujou gade tou de bò avan w travèse



## KOUTE

- Tren yo pa fè bri, ou dwe veyatif!
- Pa janm mete kone nan zòrèy ou lè ou pre ray tren
- Se pa tout tan tren yo klaksonnen



## RET AN VI

- Pa janm travèse ray tren lè ou wè yon tren ap vini
- Pa janm mache sou ray tren yo – Sa kont lalwa!
- Pa janm eseye kouri dèyè yon tren oubyen fè kous ak yon tren
- Pa janm mache sou ray tren ni monte bekàn pre ray tren

### TREN MACHE PI VIT EPI YO PARÈT PI LWEN PASE SA MOUN PANSE

*Akòz gwosè tren yo, yo parèt pi lwen pase sa moun panse epi yo sanble y ap kouri pi dousman pase jan y ap kouri vre. Sa kab pran yon kilomèt edmi oswa plis pase sa pou yon tren frennen an ka gen yon ijans.*

## FÒ W KONN SIY YO AK SIYAL YO

	KOUMAN YO RELE L	KI SA LVLE DI	KÈK DONE ENTERESAN
	SIY POU AVÈTISMAN DAVANS	Avèti chofè gen ray tren ki travèse wout la pi devan	Raple chofè pou yo ralanti, pou yo gade epi pou koute si pa gen tren k ap vini
	PA GEN SIY KLAKSÒN TREN	Zòn sa a se yon zòn silans nòmalman tren an pap sonnen klaksonn li.	Enjenyè tren an kab toujou klaksonnen si ta gen yon ka ijan oubyen si gen travayè k ap travay pre ray yo
	SIY AN KWA KI FÈ KONNEN TREN TRAVÈSE WOUT SA A	Siy sa a fè w konnen pou w bay tren an dwad pasaj. Travèse ray yo kote w wè siy an kwa sa a sèlman, pa al travèse nenpòt kote.	Se yon SÈL KOTE ki san danje pou w janbe ray yo
	SIY AVÈTISMAN DAVANS POU RI SEGONDÈ	Siy sa a avèti w gen yon ray tren ki travèse wout la kou w vire adwat oubyen agoch	Siy sa a la pou fè chofè a sonje pou li prepare l pou l kanpe si yon tren ap vini